

ESKE W KONSÈNE DE ALG?

Èske w te wè rapò sou alg nan lak ki tou pre w yo? Depatman Pwoteksyon Anviwònman Florid la (FDEP) ap dirije yon nouvo pwogram rapò ak siveyans ki swiv pwoliferasyon alg danjere yo (HAB). Byenke sa komen nan pifò anviwònman akwatik Florid la, HAB se pwoliferasyon syanobakteri ki gen potansyèl pou pwodwi toksin danjere. Nenpòt moun ka rapòte pwoliferasyon yo epi swiv yo sou Tablobò pou Monitò Alg yo ki lokalize nan floridadep.gov/AlgalBloom.

Kesyon ki Poze pi Souvan

Kisa kap pase aprè yo fin rapòte yon pwoliferasyon?

- Si sa jistifye, FDEP ap pwograme pou pran echantiyon plan dlo a.
- Rezilta echantiyon yo parèt sou tablobò floridadep.gov/AlgalBloom.
- Si yo detekte yon pwoliferasyon oswa toksin, Depatman Sante Florid la (DOH) ap bay yon avètisman oswa yon alèt pou plan dlo a. Divizyon Pwoteksyon Anviwònman Komin Oranj lan (EPD) ap mete yon avi deyò tou.
- Yo ka teste plan dlo a ankò nan 4-6 semèn.

Kisa mwen ta dwe fè si yo detekte yon pwoliferasyon oswa toksin nan lak ki tou prè mwen an?

- Evite rekreyasyon nan lak la, tankou naje, lapèch, ak navige bato.
- Pa kite zannimo domestik yo ale nan dlo a epi pa kite yo bwè ladan.
- Evite itilize dlo lak la pou wouze gazon w oswa jaden w.



Kijan m ap konnen si li an sekirite pou rekòmanse aktivite nan dlo a?

- Yon fwa pwoliferasyon yo disparèt epi pa gen okenn toksin ankò, DOH ak EPD pral leve alèt li yo.

Kouman mwen ka jwenn enfòmasyon ki pi resan yo?

- Asire ke w tcheke tablobò FDEP a nan floridadep.gov/AlgalBloom.
- Enskri pou w ka jwen app smatfòn avi komin Oranj yo isit la: www.ocfl.net/alerts.

Enfòmasyon sou kiyès Kontak ak Resous:

Depatman Pwoteksyon Anviwònman Florid – Pwoliferasyon Alg
floridadep.gov/AlgalBloom oswa rele FDEP nan 855-305-3903

Depatman Sante Florida – Pwoliferasyon Alg

<http://www.floridahealth.gov/environmental-health/aquatic-toxins/harmful-algae-blooms/index.html>

Divizyon Pwoteksyon Anviwònman Komin Oranj

<https://orange.wateratlas.usf.edu/> oswa rele 407-836-1400

Komisyon Konsèvasyon Pwason ak Bet Sovaj nan Florid - Cyanobacteria

<https://myfwc.com/research/wildlife/health/other-wildlife/cyanobacteria/>

